Пролетару дуней псом тетхэ, фызэгухьэхэ!

ЧЕРКЕС

ЛЪЫЖЬ

Адыгейскэ и Черкесскэ обкомым, гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я облсоветым, горкомым я оргэнщ

№ (2295) | Гъубж, июным и 13-м 1944 гъ. | И уаскI. 2о

Ди Краснэ Армиям иджыри зы ехъулIэныгъэшхуэ къилъэщащ—Ленинградскэ фронтым и дзэ лIыхъужьхэм белофиннхэм я оборонэр зэпхатхъри къащтащ город икIи гъущIгъуэгу станц ин Териоки.

ЩIэныгъэм и Главнокомандующэм и ПРИКАЗ

Армиям и генерал ГОВОРОВЫМ

Ленинградскэ фронтым и дзэхэр дыгъуасэ, июным и 9-м, Ленинград, городым и ищхъэрэIуэкIэ Карельскэ перешейкэм деж наступлением хуэкIуахэщ икIи авиациямрэ артиллериямрэ бийм удын хуабжь ирахныгъэр къыдалыгъуэ, пхатхъащ хуабжьу гъэбыда, зэман куэдкIэ щыгъуэ, кIыхьу и кумкIэ зиукъуэдиуэ финнхэм ящIа оборонэ махунтI наступление зауэ ирагъэкIуэкIам и щIэныгъэ кIуэтахэщ километрэ 24, пхатхъам и фронтым километрэ 40 икIыхьэгъуэ зырагъэубгъури.

Июным и 10-м и ирихьэлIу наступлениер здырагъэкIуэкIым фронтым и дзэхэм пхатхэщ город икIи гъущIгъуэгу станц ин **Териоки**, нэу и оборонэмкIэ щIэгъэкъуэн мыхьэнэшхуэ зиIэ пункт къэнар, абы нэмыщIу къащтахэщ нэгъуэщI къуажэ 80 м щIигъу.

Бийм и оборонэр пхытхъыныгъэмкIэ нэхъ щапхъэфIхэр къызэгъуахэщ генерал-лейтенант **Гусев**, генерал-лейтенант **Симоняк**, генерал-лейтенант **Алферов**, генерал-майор **Щеглов**, генерал-майор **Путилов**, генерал-майор **Якушев**, генерал-майор **Ястребов**, генерал-майор **Трушкин** сымэ я дзэхэм; артиллериям и генерал-лейтенант **Одинцов**, артиллериям и генерал-лейтенант **Михалин**, береговой службэм я генерал-майор **Арсеньев**, артиллериям и генерал-майор **Жданов**, артиллериям и генерал-майор **Васильев** артиллериям и генерал-майор **Соловьев**, полковник **Иванов**, полковник **Корочкин** сымэ я артиллеристхэм, танкыдзэхэм я генерал-лейтенант **Баранов**, полковник **Панфер**, подполковник **Красноштан**, майор **Примаченко**, майор **Олейников** сымэ я танкистхэм; авиациям и генерал-лейтенант **Рыбальченко**, авиациям и генерал-майор **Андреев**, авиациям и генерал-майор **Щербаков**, полковник **Кох**, полковник **Хатминский**, полковник **Граськов** сымэ я летчикхэм; инженерыдзэхэм я генерал-майор **Бычевский**, полковник **Руй** сымэ я саперхэм.

Къэлъэща хъуа текIуэныгъэхэр гъэлъэпIэным щхьэкIэ сэлам деж нахъ щапхъэфI къэзыгъэлъэгъуа соединениехэмрэ частхэмрэ **„Ленинградскэхэщ"** жэуэ щIэхэр фIащыну икIи щIэхэр награду иратынхэу гъэувыну.

Сэ, июным и 11-м, сыхьэт 23-м деж, ди Родинэм и столицэ **Москва** Родинэм и цIэкIэ салют яретыр, бийм и щIэныгъэр ахызытхъахэу, Ленинградскэ фронтым и дзэ лIыхъужьхэм—топщитIрэ тIощIрэ плIырэр тIощIрэ зэдэуэгъэ.

Зауэм фIагъыр хэлъу зэрырагъэкIуэкIам щхьэкIэ, финн и оборонэр щыпхатхъым зауэм хэтахэу, фэ фIэщIэлъ псоми **фIыщIэ яхузощIыр.**

НыбжьыкIэу, ныбжьыкIэ ди Родинэм и хуитыныгъэмрэ и гъэр зыми емыпхауэ щытыныгъэмрэ щIэбэнкIэрэ зи гъэ-ныбжьэ лIыхъужьхэм!

Фэрелэ немецкэ-финскэ зэрыпхъуакIуэхэр!

Верховнэ Главнокомандующэ
Советскэ Союзым и Маршал
И. СТАЛИН

Июным и 11-м 1944 гъэм.

Дунейм и щытыкIэмкIэ доклад

ФIэкIакъым Хъэбэз МТС-м и директор Хъуэхъум Хъэбэз ипхъу зэIущIэ зэхэтэкъэм. Мы зэIущIэм деж докладищIащ пропагандэмкIэ и агитациямрэкIэ Черкесскэ обкомым и заведующым и заместитель Е. Дорогова.

Докладчикым Iупщlу къыщIэкIащ дунейм и щытыкIэр, ныбжьырей зэманхэм я щIэкIэ. ЗэIущIэм къекIуэкIа докладыр хуабжьу яфIахьэлэмэту едэIуахэщ.

Доклад нэужьым къэпсэлъахэм жаIахэщ къамыгъэлалу лэжьэнхэу, лэжьыгъэ зэщIэкъуэжынымрэ псынщIагъымрэ фIагъымрэ хэлъу ягъэзэщIэну, комбайнэхэр ремонт щIыныгъэр псынщIу яухыну.

Кулов,
МТС-м и парторганизацым и секретарь.

Трактористхэм планым щIырагъэгъуащ

Июным и 10-м ирихьэлIу МТС-м и трактористхэм я къэлэс планыр процент 120-м нэсу ягъэзэщIахэщ. Трактористхэу Брыков, Конов, Балов, ЩапхъэфIхэр къагьэлъагъэхэщ. Мыбыхэм я планыр илъэс ныкъуэм и кIуэцIкIэ процентI 120-м нэсу ягъэзэщIахэщ. Планым щIигъуу явахэщ МТС-м и адрей трактористхэмкI.

Куценко,

СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

Июным и 11-м и оперативнэ сводкэ

Дыгъуасэ, июным и 10-м, ЛЕНИНГРАД и ищхъэрэIуэкIэ Карельскэ перешейкэм деж Ленинградскэ фронтым и дзэхэр наступлениям хуэкIуахэщ. Артиллериямрэ авиациямрэ хуабжьу къыдалыгъкIэрэ, пхатхъащ кIыхьу зиукъуэдиуэ, зэман куэдкIэ щыгъуэу финнхэм ящIа оборонэр икIи махунтI наступательнэ зауэ ирагъэкIуэкIам иужькIэ кIуэтахэщ километрэ 24, пхатхъам и фронтым километрэ 40 икIыхьэгъуэу. Наступлениер здрагъэкIуэкIым фронтым и дзэхэм къащтащ город икIи гъущIгъуэгу станцышхуэ ТИРИОКИ, бийм оборонэмкIэ щIэгъэкъуэнышхуэу щыт пункту ЯППИЛЯ икIи зауэкIэрэ къащтахэщ нэгъуэщI къуажэ 80-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ къуажэшхуэхэу КАМЕШКИ, СТАРЫЙ БЕЛООСТРОВ, АЛИКСАНДРОВКА, РАЯЙОКИ, КОЛЛЕЛОВО, СТАРЫЙ, НОВЫЙ АЛАКУЛЬ, КУОККАЛА, ХРИЕЛЯ, КАРВАНА, ЙОУТСЕЛЬНЯ, ХАПАЛА, КЕЛЛОМЯКИ, ПУХТОЛА, гъущIгъуэгу станцхэу РАЯЙОКИ, ОЛЛИЛА, КУОККАЛА, КЕЛЛОМЯКИ.

Фронтым и адрей участкэхэм июным и 11-м кIуэцIкIэ зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ къыщыхъуакъым.

Июным и 10-м и кIуэцIкIэ фронт псоми хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и самолет 15.

* * *

Ленинград ищхъэрэIуэкIэ, Карельскэ перешейкэм деж, ди дзэхэр наступлением хуэкIуащ. Сыхьэти 3-м къехъуу советскэ артиллеристхэм зэхакъутахэщ бийм и быдапIэ куэ щхэр. Ди авиациям гуащIэу удын ирихащ бийм и дзэхэм. Зы участкэ закъуэм деж зэтыракъутащ белофиннхэм я быдапIэ дотхэу, дзотхэу, бетон гъэжа блиндажхэу 270. А нафIэ гуащIэм иужь иту атакэ ежьахэщ пехотэмрэ танкхэмрэ. Къаруушхуэ хэлъу еуэхэри, ди боецхэм зэпхатхъащ зэман куэдкIэ щыгугъуэу финнхэм ящIа оборонэр. Бийм и зигъэпэныгъэр зэпащIкIэрэ, ди дзэхэр ехъулIэныгъэ хэлъу ипэкIэ мэкIуатэхэр. Н-скэ соединением и частхэр Сестра псым зэпырыкIэри, къыпакIухьурэ псынщIэу еуэхэри къащтащ город икIи гъущIгъуэгу станцышхуэ Териоки. Абы нэмыщIу ди дзэхэм къащтащ нэгъуэщI къуажэ 80 щIигъу. ЦIыху къарукIи, техникэкIи бийм хэкIуэдыкIыныгъэшхуэ ихьащ. БомбэкIэ, артиллериякIэ щеуэхэм щыгъуэ яукIахэу солдатхэмрэ офицерхэмрэ я хьэдэхэу мин бжыгъэкIэ транщейхэмрэ окопхэмрэ ярылъхэщ. Плени, трофей куэдкI къащтащ. Краснознаменнэ Балтийскэ флотым и кхъухьхэр ди дзэхэм я наступлением къыдоIэпыкъухэр.

Витебск городым и ипщэкъуэкIыпIэIуэкIэ, ди разведывательнэ отрядхэр псым зэпырыкIэри бийм теуахэщ. Артиллериямрэ пехотэмрэ я нафIэ гуащIэр зэпащIри къуажэ гуэрым дэуэхэри икIи къащтащ а къуажэр. Ротэм щIигъу гитлеровцхэу зэтыракIахэщ. Плени, трофейхэри къащтахэщ.

* * *

Станислав городым и ипщэкъуэкIыпIэIуэкIэ, немцхэр къытеуащ боевой охраненнем щыIэ младшэ лейтенант Анимов и взводым. Артиллерияк1э къэуа нэужь, гитлеровцхэр траншейхэм къебгъэрыкIуэу хуежьахэщ. Iэлщэрыбанэм щIадзащ. Ди боецхэм немец 60 якIри бийр зыщIагъэкIуэтэжащ. Нэгъуэщ1 зы участкэ гуэрым деж, лейтенант Лаврентьев я пашэу боец гуп, жэщым бийм и тылым ихьэхэри, фронтым къакIуэ гъуэгухэм лагъым щIалъхьахэщ. Пщэдджыжьым зы гъуэгу гуэрым деж немецкэ танкыр лагъымым техьэри зэгуэудащ. Адрей гъуэгум деж лагъымым техьэхэкIэрэ бийм и машиних зэхэкъутащ.

* * *

Калининскэ областым щызауэ партизанскэ отрядым и разведчикхэм къыщIагъэщащ емецкэ артиллерийскэ складыр здэщыт щIыпIэр. Жэщым партизанскэ отрядым часовойхэр яубыдхэри, артиллерийскэ складым нафIэ щIадзащ. НафIэсыр сыхьэт заулкIэ щыIащ. Къэуэжхэурэ шабель куэдрэ снаряд ярылъу ящик 500-м щIигъурэ зэтекъутащ. ТхьэмахуитIым и кIуэцIкIэ Калининскэ партизанскэ отрядым зэщхьэпырагъэгъэдзащ бийм и воинскэ эшелон 18, зы бронепоездрэ.

* * *

5-рей немецкэ истребительнэ эскадрэм и 7-рей отрядым и летчик, плен къэхъуа фельдфебль Артур Бет къыжIащ: „7-рей отрядым и летчикхэу—лейтенант Бодо Хельме, унтерофицерхэу Курт Филипп, Вернер Шумахер сымэ самолетищым ярысхэу урысхэм я лъэныкъуэ защIахэщ. Абы начальствэр псорикI зэщIигъэстащ. Расследованиер ирагъэкIуэкIащ „Норд" воздушнэ флотым и командиру щытам и заместитель полковник Холлерэ Геринг и представительмрэ. Восточнэ фронтым деж немецкэ авиациям хэкIуэдыкIыныгъэшхуэ ихьащ. Зы илъэсым и кIуэцIкIэ 3-рей группэм фIэкIуэдащ самолет 90. Абы къокIыр ар щэ къанэ щымыIэу зэтраукIауэ. Летчикхэр зэрахурымыкъужыр псоми жаIэхэр. Летчикыу кIуэдхэм я бжыгъэм хуэдиз летчик здырагъэджэ школхэм къызэрамутIыщыфыр, абы щхьэкIэ псынщIу ягъэхьэзыру щIадзащ летчикхэр. Абхуэдиз щыт пэтмкI, летчикхэр зэрахурымыкъур нахуэщ. Летчикыу къагъакIуэхэр ефрейтерхэщ, армиям къулыкъу щамыщIахэу. ИпэкIэ ефрейтерхэр истребительнэ авиациям щагъэлажьэу щытакъым. Иджы ар щыIэжкъым. Куэд щIакъым ди аэродромыр инспектировать зэрищIри „Норд" воздушнэ флотым и командир генерал Шульц. Абы жиIащ Германиям летчикхэр хуримыкъуу. Абы жиIам дэ дигъэщтащ".

Июным и 12-м и оперативнэ сводкэ

Июным и 12-р екIуэкIыхункIэ Карельскэ перешейкэм деж город ЛЕНИНГРАД и ищхъэрэIуэкIэ ди дзэхэм бийм и зигъэпэныгъэхэр, инженернэ заграждение мэзхэр, гъуэгухэр икIи гуэл зэхуаку дефилхэр зэпащIхэкIэрэ, наступательнэ зауэ ирагъэкIуэкIащ, зауэкIэ къащтахэщ финнхэм я оборонэм и зэхыхьэпIэ мыхьэнэшхуэ зиIэхэр КИВЕННАПА, РАЙВОЛА, абы хуэдэ кIабзу къащтащ нэмыщI къуажэ 30-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ ТЕРМОЛОВО, ХАРТОНЕН, МУЛТАЛА, ТИРТТУЛА, ИКОЛА, ТЮРИСЕВА, ВАММЕСЛУСУ икIи гъущIгъуэгу станцхэу ТЮРИСЕВЯ, РАЙВОЛА.

Фронтхэм и адрей участкэхэм—зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ къыщыхъуакъым.

Июным и 11-м и кIуэцIкIэ фронт псом дежи хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ бийм и самолет 20 къыраудыхащ.

Румыниям, Югославиям щыIэ бийм и военнэ объектхэм американскэ авацияр теуэныгъэмкIэ

Июным и 11-м советскэ территориям щыIэ американскэ самолет бомбардировщикхэм и 15-рей авиационнэ корпусыр щызауэм хэтащ город Констанца, Джуржу (Румыния) икIи город Смедирево (Югославия) щыIэ военнэ объектхэм щатеуахэм.

А теуэныгъэм хэта самолет псори зэрыхъур 1000-м щIигъуэщ. СССР-м и территориям илъэтыкIа самолетхэрикI хэту.

Летчикхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, теуэныгъэм ехъулIэныгъэ хэлъу къызэрагъэпэщащ. Американскэ авиациям зы самолет фIэкIуэдащ.

ТекIуэныгъэфIхэр къалъэщащ

Жьакуэ къуажэм дет „Красный Жьакуэ" колхозыр ди областым и кIуэцIкIэ колхоз пашэхэм ящыщ зыщ. Ставропольскэ крайм и гуащIэрылэжьхэм товарищ Сталин письмо щыхуатхым щыгъуэ мы колхозым и колхозхэтхэм Iэ щIадзащ а письмом. Письмом Iэ щыщIэдзым щыгъуэ, колхозхэтхэм псалъэ быдэ къатахэу щытахэщ я къару емыблэжхэу лэжьэнхэу, товарищ Сталин ирата псалъэхэр къамыгъэлалу ягъэзэщIэнхэу.

Колхозхэтхэм къата псалъэхэм епщIыжахэкъым. Ар нахуэ къещIыр лэжьыгъэу ирагъэкIуэкIым. Колхозым пасу нухащ лэжьыгъэ псорикI пщIэныр. Районым и кIуэцIкIэ псоми я нэхъапэ пщIэн нухащ гектар 380 нартыхур, кIэртIофыр щIатхъуэр. Колхозхэтхэм я кIуэцIкIэ социалистическэ зэхьэзэхуэныгъэм нэхъри зыкъеIэтыр. Бригадэхэр, звенохэр, колхозхэтхэр зэхьэзохуэхэр. ПсорикI зы Iуэхугъуэщ зыщIэбэнэхр—мы гъэм гектэр къэсыхункIэ гъавэ путищэ къытрахыну. Звеньевой Мамхягова Хужьэ и нормэр хуэдитIкIэ егъэзащIэр. Абы и звеном зыри хэткъым нормэм щIигъуу имыгъэзэщIу.

Пашэныгъэр зыIыгъ зыхэм ящыщщ 3-рей бригадэрикI. Абы и бригадиру лажьэ Готов Аюб мэкъумэш лэжьыгъэр фIыуэ ещIэр. Абы псоми япэ нухащ хадэпщIэныр культурэ псомкIи. Мы бригадэм къыкIэрымыхуу мэлажьэр 2-рей бригадэрикI.

Хадэ допщIэр жэуэ колхозым щыгъупщакъымм лэжьыгъэ зэщIэкъуэжыным зыхуэгъэхьэзырыныгъэр. Лэжьыгъэ зэрызэщIакъуэжыну Iэмэпсымэ псорикI зэрагъэпэщыжатэщ. Косилки 8 яIэти псорикI хьэзыру щытщ, Iэ шэмэдж хэрикI хьэзырхэщ. Мэкъумэш Iэмэ-псымэхэр ремонт щIыжыныгъэмкIэ фIыуэ лэжьащ колхозым и гъукIэ Афаунов Муссэ. Хуабжьу колхозым и ныIэ тырпгъэту мэлажьэр колхозым и председатель Кантлоков Исхьэкъ. Колхозым къилъэща ехъулIэныгъэфIхэмкIэ абы фIыщIэ гуапэшхуэ бгъэдэлъщ. Хозяйныфl зиIэ унагъуэм хуэду амы зэрехьэр колхозыр

Областым и колхозхэм я кIуэцIкIэ нартыху пщIэныр зэрекIуэкIымкIэ

Сводкэ

(Планым и процентхэ къапщтэмэ)

Хьэбэз	53
Икон-Хьэлкъ	39
Черкесскэ	34,5
Кувинскэ	34
Кировскэ	32
псорикI	38

Июным и 11-м ирихьэлIу мэкъу зэщIэкъуэжыныр зэрекIуэкIымкIэ

Сводкэ

(Планым и процентхэ къапщтэмэ)

Икон-Хьэлъкъ	7,5
Кувинскэ	7
Черкесскэ	5
Хьэбэз	0
Кировскэ	0

Вагъэ дыгъэрыжьэр вэныгъэр зэрекIуэкIымкIэ

Сводкэ

(Планым и процентым ехьэ...)

Икон-Хъэлъкъ
Черкесекэ
Кувинскэ
Хьэбэз
Кировскэ

Политикэ-массовэ лэжьыгъэр егъэфIэкIуэн хуейщ

Зеикъуэ. Мы къуажэм дэт НСШ-м и учительхэм, политикэ-массовэ лэжьыгъэр еджакIуэхэм, колхозхэтхэм я кIуэцIкIэ щырагъэкIуэкIкъым.

Къэтщтэнщ абы и директору щыта Романова. Абы учительхэм яжыреIэр, колхозхэтхэм я кIуэцIкIэ лэжьыгъэ лъэпIкъ щырамыгъэкIуэкIыну икIи абыхэм ар япщэ имылъуэ. Учительхэр абы едаIуэкIэрэ, яцIыхукъым губгъуэ бригадэхэр дэвэ щыIэми. Ауэ абыхэм емылъытауэ учительхэм я огородхэр колхозым хуаващ икIи хуапхъа пэтрэ, атIанникI я огородхэм йолэжьыр мыхъумэ зы колхозхэт гуэрым бгъэдыхьэхэу е бригадэхэм зы блын газет къыщыдагъэкIакъым.

Къуажэм деж абыхэм политическэ лэжьыгъэхэр зэрамыхьэмэ атIэ хэт ахэр зезыгъэкIуэнур?

Ахэм я пщэ илъщ щIалэгъуалэхэр фIыуэ ирагъэджэнхэу икIи абхуэдэ къабзу колхозхэтхэм деж газетхэм къахуеджэну, беседэхэр ирагъэкIуэкIыну.

НСШ-м и комсомольскэ организациям и секретарь Шурдумова лэжьыгъэр егъэфIэкIуным пылъкъым икIи а ныкъуэсаныгъэхэр зэригъэкIуэдыным щIэбэнкъым. Комсомольскэ зэIущIэ зэрыригъэкIуэкIыр зэзэ мызэ дыдэщ.

Иджы абы и завучу щыт Романова къуажэ советым и председателыр къыщеупщIкIэ, жыреIэр жэуапу, учительхэм ахэр ирагъэкIуэкIын хуейкъым икIи абыхэм абыхуэдиз зэман яIэкъым—жеIэри.

Абхуэду советым и председателым куэдрэ къыжырила пэтми, иджырикI абы и завуч Романова едэIухэкIэрэ политическэ-массовэ лэжьыгъэ колхозхэтхэм я кIуэцIкIэ ирагъэкIуэкIыныгъэр зэрыщытщ. Псори иджы яцIыхуну зыщIэбэн Отечественнэ зауэ къудейм щхьэкIэ беседэхэр, читкэхэр ирагъэкIуэкIкъым. Романова зи завуч школым жырыреIэ сыт, хуэдиз лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIами колхозхэтхэм я кIуэцIкIэ. Абыхэм зыри жаIэфынукъым, сыту жыпIэмэ, фактическэу зырикI яцIакъыми аращ.

А Iуэхухэр Iейуэ зэрыщытым щхьэкIэ райОНО-м и ныIэ тырегъэт зэпытын хуейщ икIи а школым и завуч Романова и лэжьыгъэр къегъэIэтауэ, учительхэм ягъусу, колхозхэтхэм, щIалэгъуалэхэм Отечественнэ зауэшхуэхэм теухуауэ беседэхэр ирагъэкIуын хуейщ, я лэжьыгъэхэр ди япIэкIэ ирагъэфIакIуэкIэрэ-

Мазэ планыр махуипщIым и кIуэцIкIэ процент щитхъ игъэзэщIащ

Хьэбез къуажэм дет райпромкомбинатым и лэжьакIуэхэр социалистическэ зэхьэзэхуэныгъэм зырагъэубгъуахэурэ мэлажьэхэр. ЩапхъэфIхэр къигъэлъагъуу мэлажьэр фащIэ т. Джандаров. Абы ещIыр шхуэ, нахъутэ, вожэ, шы тепхъуэ сытхэр. Джандаровым зы мазэм ищIын хуеящ сом 1300 и уасэ шым ирагъ... Iэмэ-псымэу. МахуипщIым и кIуэцIкIэ абы къилэжьащ ... 1200 и уасэ, икIи мазэ план... процент 200 игъэзэщIащ.

Абы щапхъэ къыгъэ... хуейщ шырыкъушIэхэм, со... циалистическэ зэхьэзэхуэ... гъэмкIэ къыкIэрыхуу щитхъ...

Союзникхэм я экспедиционнэ къарухэм я Верховнэ Командованием и штабым къыригъэхь хъыбархэр

ЛОНДОН, июным и 11-м. (ТАСС). Союзникхэм я экспедиционнэ къарухэм я Верховнэ Командованием и штабым нобэ, пщыхьэщхьэм къыдигъэкIа коммюникем жеIэр:

„Ижьырабгъу флангым деж ехъулIэныгъэфIхэр къыщылъэща хъуащ. Иджы ди дзэхэм зауэ щырагъэкIуэкIыр Монтебург городым и бгъум деж. А городым и ипщэ-къуэхьэпIэIуэкIэ дэ зызэпедгъэгъэзащ бийм и контратакэхэм, Шербура кIуэ гъуэщIгъуэгу нэхъыщхьэм деж ди кIуэтэныгъэр къызэтезгъэувыIэну пылъахэм. Американскэ дзэхэм хуит къащIыжащ город Лизон икIи фронтым зырагъэубгъуурэ миль заулкIэ ипэкIэ кIуэтахэщ. Тилли-Сюр-Телль городым и ипщаIуэкIэ зауэ гуащIэ щекIуэкIащ. А районым деж бийм и куэдщ бронетанк...хэр икIи хуабжьу закъы... щIесэр ди дзэхэр Селль псы... и Iуфым Iутурэ кIуэтэныгъэ... кIа.

Июным и 11-м, пщэдджыжьым, союзникхэм я авиа...яр, дунейр уэлбэну щыт пэ...микI, щIым щызэуэ дзэхэ... дыIэпыкъуэгъу яхуэхъущ. Бомбардировщик соединенинхэр теуахэщ бийм и аэродромхэм, лъамыжхэм, зауэ щекIуэкI районымрэ Парижрэ дежхэм щыIэ объектхэм. Мыхуэдэ къабзу бомбэкIэ еуащ Па—де—Кале районым деж щыIэ военнэ объектхэм.

Бийм щIагъуу зырагъэ...къым. Район гуэрхэм хуабжьу къыздэуахэр щыIэщ. Техникэ зым тетурэ амал зимыIэу ...тхэр шэныгъэр дэгъуу йокIуэкIыр.

Италиям зауэ щекIуэкIыр

ЛОНДОН, июным и 12-м. (ТАСС). Италиям щыIэ союзникхэм я дзэхэм я нэхъыщхьэ штабым къырегъэхьыр, Адриатическэ секторым деж союзникхэм я дзэхэм Пескара псым и ипщэ лъэныкъуэм щыIэ бийр ирахуащ, Апенинскэ секторым деж союзникхэм я дзэхэр ипэкIэ мэкIуатэр, бий икIуэтыжыр яхукIэрэ.

Тибр псым и къуэкIыпIаIуэкIэ Ринти направлениемкIэ наступление ирагъэкIуэкIащ. Рим и ищхъэрэ-къуэкIыпIаIуэкIэ (Тибр псым и къухьэпIаIуэкIэ) союзникхэм я передовой частыр Баньоредже и гъунэхэм нэсахэщ (Орвието и ипщэ-къухьэпIаIуэкIэ). Монте гъуэгу зэхыхьэпIэ мыхьэнэшхуэ зиIэр (Больсено гуэлым и ипщэ-къухьэпIаIуэщ) иджы дызэрыт зэманым ар союзникхэм я IэмыщIэ илъщ. Союзникхэм я дзэхэм я передовой частхэр Орбетелло гъунэгъу хохъуэхэр (Чивито-Веккиа и ищхъэраIуэщ).

Бомбардировщик соединепэщхуэ хьэлъэхэм истребительхэрикI ядэщIыгъужхэу дыгъуасэ Балканым щыIэ военнэ объектхэм теуащ. Советскэ территорияm союзникхэм къагъэкIуауэ щы... самолетхэр Фокшанъ (Румыния) аэродромым икIи военнэ складхэм Констанца щыIэ, Джурджу щыIэ нефты складхэм, Югославиям щыIэ нефт гъэкъабзэ заводым. Тактическэ авиациям и теуэныгъ... матеорологическэ условиехэм емылъытауэ, лъэтахэщ.

Жэщ блэкIам союзникхэм я авиацияр Болгарием и военнэ обектхэм теуащ.

ЛОНДОН, июным и 11-м. (ТАСС). Агентство Рейтер и корреспондентым къызэритымкIэ Италиям щыIэ союзникхэм я дзэхэм я ...хьэ штабым къикIыу, ... пщыхьэщхьэм союзникхэм я 8-нэ армия гуэрым немецхэр ... хужуаэ Авеццано ... гъунэгъухэмрэ (Рим ... метрэ 85 кIэ и къуэкIыпIаIуэщ).

Италиям щыIэ союзникхэм я штабым ярыгъэщIащ, немецхэм хэкIуадыкIыныгъэшхуэу ирахьэкIар укIыгъэм уIэгъэми, наступление зэрыщIадзэ лъандэрэ плен къахъуами и солдат, офицер мин 70-м нэс зэрыхъакIуащ.

ЕджакIуэ цIыкIухэм я щIэныгъэхэр къапщытэжыр

Хьэбэз районым и еджапIэхэм щIадзащ еджакIуэ цыкIухэм я щIэныгъэхэр къэпщытэжыныгъэм. Къэпщытэжыныгъэр фIыуэ щокIуэкIыр Эльбыргъэн, Инжыдж-ЧыкIун къуажэхэм дэт еджапIэхэм. Мыбыхэм фIыуэ зыхуагъэхьэзырахэщ еджапIэхэм дежкIэ а мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэм икIи абхуэду фIыуэ зыхуэгъэхьэзырыныгъэм къыхэкIкIэ, къэпщытэжыныгъэр ехъулIэныгъэ хэлъу йокIуэкIыр.

Ауэ мы районым и кIуэцIкIэ еджапIэ гуэрхэри щыIэхэщ къэпщытэжыныгъэм хуэфэщэн хуей ныIэр тырамыгъэтауэ. Псалъэм щхьэкIэ Кош-Хьэблэ, М-Зеленчук къуажэхэм дет еджапIэхэм яIэхэщ къэпщытэжыныгъэм хамыгъэхьа классхэр. А еджапIэхэм дежкIи икIи егъэджакIуэхэм дежкIи ар куэду укIытэгъуэщ. Абхуэду щыт пэтми а еджапIэхэм я егъэджакIуэхэр абы зыкIи игъэгузавэхэкъым, Iэпэ дагъэлэлу Iуэху мыхьэнэшхуэ зиIэм бгъэдохьэхэр. Кош-Хьэблэ къуажэм дет Н.С.Ш.-м и егъэджакIуэ Братов Али майм и 20-м прихьэлIу илъэсым и программэр зэхуэдитI ирищIыкIа къудейщ. Ар къызхэкIар еджэгъуэ илъэсым и кIуцIкIэ Братовым урок куэд зэриутIыпщар, аращ щхьэсуыгъуэ зэмылIэжьыгъуэхэр къигъуэтмэ къикIухьурэ.

Районым и адрей еджапIэхэми щыщIагъэ яIэхэщ, ауэ егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ къаруу яIэмкIэ пылъхэщ а щыщIагъэхэр гъэкIуэдэ зэрыхъунум икIи къапщытэжыныгъэр фIагъыр хэлъу зэрырагъэкIуэкIынум.

С. Дабагов,
Хьбэз районом я зав-дующ.

Г. Турчанинов

Адыгэбзэ грамматикыу Шорэ Ногмов зэхилъхьа япэ Iэрытхыр

(КIэлъыкIуэрэщ)

Сэ зэрысхулъэкIкIэ къыщIэзгъэщащ Нэгумэ Шорэ акъылъыфIым езым и народыр урыс культурэмрэ наукэмрэ нэIуасэ хуэщIыным папщIэкIэ илэжьахэм елэжьыгъэр къызэхэкIар, урыс хьэрфым ипIкъ иткIэ езым и бзэм и азбукэмрэ грамматикэмрэ къызэгъэпэщыныгъэ Iуэхур абы игу изылъхьэр.

Езым и анэдэлъхубзэм и грамматикэр зэхэлъхьэныгъэр Нэгумэ Шорэ и щIалэгъуэм и гу ирилъхьауэ щытащ. Абы щыхьэту тоувэр 1825 гъэм Псыхуабэ Шорэ щыхуэза С. Д. Нечаевым къыжиIахэр: „азбукэр къыдигъэкIа нэужьым абы игугъащ грамматикэр зэхэлъхьэныгъэм нужь нхьэну." Абы нэмыщIкIэ, езым Шорэ грамматикэм хуиIэ фIылъагъуныгъэр мыпсалъэхэмкIэ къыжеIэр: „ЩIэныгъэ гуэр зиIэ дэтхэнэ народым езым и бзэкIэ наукэр—грамматикэкIэ зэджэр сэ зэриIэр къэсщIа нэужьым сэ хуабжьу селэжьу щIэздзащ си адыгэбзэм,—зэман гуэрым абы и грамматикэр стхын мурад сиIэу". Абы хуэдэ щIыкIэкIэ езым Шорэ къыжиIэхэр щыхьэту тоувэр С. Д. Нечаевым итхахэр зэрыпэжым, 1825 гъэм (илъэс 24-м и ныбжьыр иту) Ногмовыр езым и бзэр иджыным зэрелэжьар, нужькIэ абы и грамматикэр зэхилъхьэн мурад иIэкIэрэ.

(ПэщIэдзэм № 67 газетым ету).

Ответ. редактор М. САНИЕВ

ВУ 00216 Редакцием и адресыр: г. Черкесск, Дом Советов, комната № 54. Черкесскэ областым и государственнэ типографие.